



Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRÈ NAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI KOUTE 38 MILYON DOLA NAN ROCHESTER**

***Faz I Pueblo Nuevo a fini kounye a ak 75 apatman nan 16 batiman yo reyabilite; gen konstriksyon ki sou pye nan Faz II a ki gen 29 nouvo kay pou lokasyon ak yon sant kominotè***

***Tou de faz yo favorize efò revitalizasyon yo nan katye El Camino ak 104 lojman abòdab ak sèvis sipò***

***Li fè pati Inisyativ Revitalizasyon 'Finger Lakes Forward' la ak Plan Lojman Eta a ki koute 20 milya dola pou senkan***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse finisman premye faz Pueblo Nuevo a nan katye El Camino ki koute 25 milyon dola nan Rochester. Faz I an gen ladan 75 kay abòdab nan sèz batiman atravè katye a. Gen konstriksyon ki sou pye tou nan Faz II ki koute 13 milyon dola a, ki pral kreye yon lòt 29 kay abòdab ak yon sant kominotè.

"Tout Nouyòkè merite genyen aksè ak lojman ki an sekirite, ki abòdab ak estabilite ke fondasyon sa a bay nan direksyon pou pouswiv yon avni ki estab ak pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare**, "Administrasyon mwen an angaje totalman pou li travay pou mete fen nan ensekirite lojman nan New York epi finisman premye faz Pueblo Neuvo a se dènye egzanp efò sa yo. N ap kontinye fè kalite envestisman estratejik sa yo ki non sèlman asire Nouyòkè yo gen yon kote ki fyab pou yo rele lakay yo, men ki ede devlope tou kominote ki vibran atravè eta a."

Yo te konstwi Pueblo Nuevo I nan 20 espas vid, ke yo pa itilize ase oswa ki delabre atravè yon zòn ki gen senk blòk alantou North Clinton Avenue ak jis nan sid Legliz St Michael la. Yo te transfòme yon espas separe ke vil la posede nan 12 Hoeltzer Street an yon espas vèt kominotè ak jaden, chemen pou pyeton, yon tèren jwèt, ak yon pavilion piknik.

Gen 16 batiman rezidansyèl antou: yon batiman milti-familyal ki fèk konstwi ak 16 apatman nan Sullivan Street; 13 lojan ki fèk konstwi ki ka pran twa fanmi atravè zòn devlopman an; ak yon lojan ki ka pran de fanmi ki renove nan Hoeltzer Street. Anplis de sa, yo te rekonfigire yon batiman an brik Womanèsk nan Clifford Avenue ki orijinalman te konstwi an 1905 pou fè li vin yon batiman milti-familyal ak 18 apatman.

Swasant onz nan apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche jiska 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) oswa mwens, epi yo rezève kat inite ki rete yo pou fanmi ki ap touche jiska 80 pousan nan AMI an. Uit fanmi pral resevwa kupon ki baze sou pwojè nan Seksyon 8 la nan men Otorite Lojman Rochester (Rochester Housing Authority). Yo pral mete diznèf nan lojman yo apa pou granmoun ki gen andikap devlopman ak andikap entèlektyèl yo ki pral gen aksè ak sèvis sipò yo ke Ibero-American Action League ofri.

Tout batiman yo gen sistèm chofaj ak refwadisman ki gen efikasite elve, ekleraj LED ki gen efikasite elve, aparèy plonbri ki gen fèb debi ak aparèy Energy Star yo.

### **Konstriksyon Faz II a kòmansè**

Dezyèm faz Pueblo Nuevo a pral kreye yon lòt 29 kay abòdab atravè 19 lokal. Yo pral resevwa sis kay pou ansyen fanmi ki sanzabri ki pral gen aksè ak sèvis sipò ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) la epi se Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York k ap administre li. Se YWCA nan Konte Rochester ak Konte Monroe ki pral ofri sèvis yo.

Anplis de sa, yo pral konvèti yon depo vid ki mezire 10,000 pye kare nan 200 Clifford Avenue an Sant Kominotè El Camino (El Camino Community Center, ECCC). ECCC a pral bay espas biwo ki konfòm ak ADA pou devlopman biznis, atelye, pwogram edikatif, pwogram kiltirèl, amizman, ak lòt sèvis ki sipòte avansman ekonomik ak sosyal.

Devlopè pou tou de faz pwojè a se Ibero-American Development Corporation, ki se branch devlopman nan Ibero-American Action League, Inc.

Evestisman Eta nan Faz I an gen ladan 1.2 milyon dola Preme Ipotek HFA; 11.5 milyon dola Kredi Enpo Lojman federal ak eta pou moun ki gen Revni Fèb ak 6.2 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) Eta New York te founi 2.8 milyon nan finansman epi Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te founi 56,400 dola atravè pwogram Konstriksyon Nouvo Batiman Rezidansyèl Ba (Low-rise Residential New Construction) li a. Vil Rochester ak Bank Federal Prè pou Lojman nan New York (Federal Home Loan Bank of New York) te bay plis finansman.

Yo te bay Faz II Pueblo Nuevo a Kredi Taks sou Lojman Federal ak Eta pou Moun ki gen Revni Fèb ki te jenere 9 milyon dola nan fon pwòp ak 3.5 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan HCR. NYSERDA pral founi 36,000 dola nan sipò.

Pueblo Nuevo se yon pati nan Plan Lojman san presedan, senk ane eta a pou 20 milya dola, pou rann lojman aksesib ak pou konbat sanzabri gras ak konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman ki gen sèvis sipò. Depi

2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York la te envesti plis pase 348 milyon dola nan Rochester, ki te kreye oswa prezève anviwon 3,500 lojman abòdab.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare,** "Devlopman Pueblo Nuevo a ap transfòme El Camino lè li ranplase ak renove estrikti ki kraze yo pa apatman modèn pou moun ak fanmi yo, pandan l ap bati nouvo espas kominotè ki enpòtan tou. Lè tou de faz yo fini, nou pral kreye 104 kay abòdab epi ki efikas an enèji, ki gen ladan 25 kay ki gen sèvis sipò, ak yon nouvo pak ak sant kominotè. Sa a se yon apwòch inivèsèl ki pral benefisye tout moun ki rele El Camino lakay yo. Gras a patenarya nou ak Ibero-American Action League la, n ap agrandi opòtinite nan Rochester e sa pèmèt Finger Lakes avanse."

**Majistra Vil Rochester a, Lovely Warren, te deklare,** "Lojman ki an sekirite, ki gen bon jan kalite epi ki abòdab se yon dwa imen fondamantal e bay plis moun kay jan sa posib se yon senbòl tan mwen pase ap sèvi kominote nou an. Pueblo Nuevo pral bay sitwayen nou yo yon sous estabilite ak fondasyon pou siksè. Mwen rekonesan pou patenarya kontinyèl vil la ak lidè lokal nou yo ak moun ki gen enterè nan kominote a paske yo envesti nan Northeast Rochester."

**Chèf Egzekitif Konte a, Adam J. Bello, te deklare,** "Finisman Faz 1 nan Pueblo Nuevo sa e yon etap ankourajan ak yon gwo pa annavan nan kreye lojman abòdab ki pi vital pou rezidan nou yo. Se yon ogmantasyon enteresan pou rezidan nan katye El Camino yo. Mèsi ak patnè nou yo nan Eta New York paske yo te fè Pueblo Nuevo posib, e mwen pa ka tann pou mwen wè pwojè ki fini an."

**Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare,** "Pandan anba lavil la ap kontinye revitalize, li esansyèl pou lojman abòdab ak aksesib fè pati ekwasyon an. Mwen rekonesan pou travay Ibero-American Action League ak divès patnè ki bay finansman nan nivo federal, eta ak lokal ki te reyini pou fè devlopman Pueblo Nuevo a posib pou benefis katye El Camino nou an ak kominote ki ozalantou yo. Finisman premye faz konstriksyon ki efikas an enèji a se yon devlopman ki enteresan pou kominote sa a. Mwen pa ka tann pou mwen wè pwojè sa a nan faz final li epi eksperimante enpak pozitif dirab li pral genyen pou vwazen nou yo."

**Manm Asanble Eta a, Demond Meeks, te deklare,** "Mwen rekonesan pou m wè yon investisman klè nan amelyorasyon kondisyon lavi pou manm yo nan kominote nou an. Nou pa ka atann pou n kòmanse ede manm kominote nou an ki pa jwi dwa sivik yo san nou pa bay yo kay ki dirab. Lojman ki an sekirite, pwòp ak abòdab se yon nesosite debaz e ke yo kontinye refize twòp manm kominotè ak fanmi yo. Yon kay ki gen diyite esansyèl pou konstwi richès jenerasyon ak echape anba sik povrete a. Mwen vle remèsye Ibero-American Development Corporation poutèt angajman yo te pran anvè katye nou yo ak pou byennèt fanmi nou yo. Mwen espere ke Pueblo Nuevo pral kontinye bay resous efikas ak kay ki fyab pou rezidan ki pi vilnerab yo nan kominote nou an."

**Komisè Egzekitif Adjwen Biwo Eta New York pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman la, Roger Bearden, te deklare,** "Pwojè tankou Pueblo Nuevo bay opòtinite lavi entegre, sa ki bay pouvwa a moun ki gen andikap devlopman yo pou yo ka vin manm ki ap patisipe nan kominote pa yo. 19 inite sa yo, ki dedye a moun OPWDD sipòte yo, pral kontribiye anpil pou atenn objektif sa a pandan y ap asire rezidan yo resevwa sèvis yo bezwen yo."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA a, te deklare,** "Ak pwogrè nan devlopman Pueblo Neuvo a, kounye a kèk pami rezidan ki pi vilnerab nan Rochester yo pral gen aksè ak kay ki founi teknoloji ak sistèm ki efikas an enèji ki gen gwo pèfòmans ki ofri plis konfò pandan y ap diminye bòdwo enèji yo. Pwojè a demontre ke espas ki pa itilize ase yo ak batiman ki delabre yo ka entegre nan yon avni ki fèb an matyè kabòn pou revitalize kominote kote yo lokalize yo, ki sipòte objektif eta a pou diminye emisyon danjere yo pandan l ap bay benefis investisman nan enèji pwòp pou tout Nouyòkè yo."

**Komisè Egzekitif Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Lojman sipò ede fanmi yo ak moun yo rezoud pwoblèm yo ki te kapab kontribiye nan rann yo sanzabri. Pwojè sa a pral pote transfòmasyon pou kominote a, nan bay lojman ki an sekirite ak abòdab ansanm ak aksè fasil ak sèvis pou rezidan yo nan Devlopman Pueblo Nuevo a."

**Eugenio Marlin, ki se Vis Prezidan Egzekitif IADC a, te deklare,** "Pueblo Nuevo se kle pou transfòmasyon katye El Camino a nan nòdès Rochester. Li pwofite yon opòtinite inik ki pral non sèlman bay lojman ki an sekirite ak abòdab men, akòz pwoksimite li ak koridò biznis prensipal la, sou Clinton Avenue, ak International Plaza a, li pral yon katalizè pou devlopman biznis pandan l ap mennen plis fanmi nan zòn nan. Pwojè a gen ladan Pueblo Nuevo Community Park nan O'Brien Street ki pral amelyore kalite lavi rezidan yo gras ak ekipman li yo."

### **Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###